

SEKOU DEZAS (FEMA)

1. Ki benefis FEMA founi?

- Ajans Dirijan Ijans Federal (FEMA) se yon ajans parapli ki koòdine benefis gouvèman eta e federal pou viktim dezaz. FEMA deside osi kiyès ki elijib pou **Pwogram Lakay e Endividyel (IHP)**. IHP gen de pati: **Èd Lojman** e **Èd Finansyel pou Adrese Lot Bezwen**.

2. Ki kantite mwen kapab resevwa nan men FEMA?

- Ou pa kapab resevwa plis ke \$33,000 ansanm nan men pwogram IHP, sa enkli Èd Lojman Dezaz e “Ed Finansyel pou Adrese Lot Bezwen.” Moun anplis yo resevwa anpil mweske sa. Pou aplike, ale a:
 - www.DisasterAssistance.gov ou rele 1-800-621-FEMA (3362). Aplikan avek yon andikap pale ou ki paka koute: liy TTY (1-800-462-7585), ou 1-800-621-3362 pou sa yo ki itilize 711, ou Sèvis Relè Vidyo (VRS)
 - Aplike a Sant Rekouvremant Dezaz la.

3. Eske mwen bezwen yon sitwayen U.S. pou'm resevwa benefis FEMA?

- Non. Moun etranjè kalifye elijib pou aplike pou benefis FEMA. Si ou se yon imigran ki poko yon sitwayen U.S., ou ap kalifye si ou se yon rezidan pèmanan avek yon kat vè, yon refijye, yon asylee (yon aplikan azil ki gen tan resevwa azil), yon moun sou pawol pou onmwèn 1 ane, yon antran Cuban/Ayisyen, yon moun kote yo te anrete depòtasyon ou, ou yon viktim vyolans domestik. Si ou kalifye, ou kapab aplike poutet fanmi ou menm si se pa tout moun nan fanmi a ki kalifye.

4. Kiyès ki elijib pou Èd Lojman Dezaz (DHA)?

- Ou elijib si rezidans primè ou pa vivab akòz de dezaz la. Si ou gen asirans ou dwe montre osi ke ou te fe efò rezonab pou resevwa benefis asirans e ke ou pa't gen sikse. Ou dwe dakò pou repeye FEMA si ou resevwa benefis asirans pita.

5. Ki kalite Èd Lojman mwen kapab resevwa?

- Èd Lojman Dezaz nòmalman se yon chek ki kouvri pri lwaje pou 1-3 mwa, ou plis si li ogmante.
- Si ou se pwopriyetè lakay ou, ou kapab resevwa kob pou reparasyon si domaj la pa kouvri pa asirans e pri reparasyon yo pa depase kantite maksimòm nan ki fikse pa FEMA.

- Lè pa gen lojman disponib pou lwaye, FEMA kapab founi lakay mobil ou tralè.
6. Kiyès ki elijib pou “Èd Finansyel pou Ranpli Lot Bezwen”?
- “Èd Finansyel pou Ranpli Lot Bezwen” se pou moun ki gen depans nesesè ki gen relasyon a dezast la ou bezwen serye ki pa kouvri pa nenpot lot jan, ki enkli asirans e yon pre nan men SBA. Si FEMA deside ke ou kapab kalifye pou yon pre nan men SBA, ou ap bezwen aplike pou SBA e vin rejte anvan ou kapab resevwa “Èd finansyel pou Ranpli Lot Bezwen.”
7. Wki kalite èd mwen kapab resevwa nan men pwogram “Lot Bezwen” nan?
- “Èd Finansyel pou Ranpli Lot Bezwen” se yon chek pou kouvri depans nesesè ou bezwen serye pou:
 - Depans medikal e dante ki fet pa dezast la.
 - Depans antereyman pou lanmò ki fet pa dezast la.
 - Reparasyon ou ranplasman pwopriyete pèsone ki domaje ou detwi pa dezast la.
 - Ranje ou ranplase yon machin ki te domaje ou detwi pa dezast la, ou peman transpòtasyon piblik.
 - Lot depans tankou yon move ki gen relasyon a dezast la e depans depo, ou pri yon Polisy Asirans Inondasyon Gwoup.
8. Eske benefis IHP ap afekte elijibilite mwen pou SSI, TANF, Medicaid, ou SNAP?
- Non. benefis IHP pa kapab konte kom revni ni resous pandan yo ap detèmine elijibilite ou pou nenpot pwogram ki teste pa revni ki sipòte pa gouvènman federal la.
9. Si mwen dwe lot moun kob, eske benefis IHP mwen yo kapab sezi pa kredite mwen a?
- Non. Benefis IHP pwoteje pa lwa federal a garnitur, sezisman, ankombrans, prelevman, egzekisyon, pwomet, atachman, lage, ou egzansyon. Ni tou yo pa kapab asiye ou transfere nan men ou a yon lot moun.
- IHP benefits are protected by federal law from garnishment, seizure, encumbrance, levy, execution, pledge, attachment, release, or waiver. They also cannot be assigned or transferred away from you to someone else.
10. Kiyès ki elijib pou pre dezast Administrasyon Biznis Pitit (SBA)?
- SBA a bay pre pèsone anvanm avek pre biznis apre yon dizast, a moun e biznis ki te afekte pa dezast la. Pou kalifye pou yon pre avek entere ba, ou dwe montre ke lakay ki nan posesyon ou, pwopriyete pèsone ou, oswa biznis ou te domaje pa dezast la, e ke ou gen dwate pou reapeye pre a.

Enfòmasyon ki Ènpòtan pou Sonje

- Asire ke ou itilize lajan FEMA ou pou rezon ke FEMA te bay ou kob la. Si ou pa fin sur kijan ou kapab itilize kob la, kontakte FEMA a: 1-800-621-FEMA (3362).
- Kenbe tout kominikasyon, resi, bodwo, e fakti ke ou resevwa nan men FEMA.
- Kenbe tout resi, bodwo e fakti ki gen relasyon a itilizasyon lajan FEMA.

Konsenan Sèvis Legal/Èd Legal

Pwogram Sèvis Legal ou Èd Legal lokal ou a founi èd legal gratis pou moun ki pa gen anpil revni nan sijè sivil yo. Jwenn biwo lokal ou atrave

<https://floridalawhelp.org/find-legal-help>.